

### **Konsantman Jeneral pou Timoun/Akò Benefisyè/AOB**

Mwen gen gadyen legal timoun sa a \_\_\_ Wi \_\_\_ Non

#### **Konsantman Pasyan**

- \* Mwen bay pèmasyon pou kontakte mwen ak/oswa doktè prensipal pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen pou swivi tretman an. Yo enfòm mwen sou enpòtans kontak sa yo kòm yon fason pou amelyore kontinite swen. Mwen reyalize mwen gen dwa pou mwen revoke konsantman sa a nenpòt ki lè.
- \* Mwen pral notifiye Peace River Center si adrès oswa nimewo telefòn pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen chanje.
- \* Mwen bay pèmasyon pou pitit mwen, ki sou responsablite mwen resevwa sèvis nan Peace River Center.
- \* Mwen bay konsantman mwen pou Peace River Center bay pitit mwen ki sou responsablite mwen sèvis.
- \* Mwen konprann ke mwen dwe enfòmè terapris prensipal pitit mwen/pitit mwen ki ki sou responsablite mwen si li resevwa lòt sèvis sante mantal, swa nan Peace River Center oswa nan men yon lòt pwofesyonèl ki pa fè pati Sant lan.
- \* Mwen konprann ke si kounye a oswa nan lavni pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen gen yon fanmi ki travay nan Peace River Center, li rekòmande fò li resevwa sèvis nan men yon lòt founisè. Sepandan, mwen ka mande epi resevwa sèvis nan Peace River Center ak konpreyansyon ke ka pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen pa pral gen okenn avantaj espesyal epi li pral trete dapre règ ak pwosedi nòmal yo.
- \* Mwen bay konsantman mwen pou pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen gen foto li pran epi estoke sou paj dosye medikal elektwonik li nan Peace River Center.
- \* **Mwen bay konsantman mwen pou yo kontakte mwen pa metòd sa yo:** Telefòn, Imèl, Tèks.  
**Metòd komunikasyon mwen prefere se (chwazi youn oswa plis):** \_\_\_ Telefòn \_\_\_ Imèl \_\_\_ Tèks \_\_\_ Okenn
- \* Mwen bay konsantman mwen pou resevwa apèl/tèks/imèl nan men Peace River Center pou sèvis sante pwoteje pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen ak lòt sèvis yo nan enfòmasyon kontak mwen bay la, ki gen ladan nimewo mobil mwen. Mwen konprann ke operatè telefòn mwen an ka chaje m pou apèl sa yo e apèl sa yo ka fèt ak yon sistèm otomatik.

Mwen rekonèt ke mwen li konsantman sa yo kòm paran/gadyen legal yon pasyan nan Peace River Center epi mwen konprann yo. \_\_\_ Wi \_\_\_ Non

#### **Rekonesans HIPAA**

Mwen rekonèt ke yo ban mwen yon kopi avi pratik konfidansyalite Peace River Center pou satisfè egzijans HIPAA dapre 45 CFR 164.520 (c) (2) (i), epi ke mwen te li (oswa mwen te gen opòtinite pou mwen li si mwen te vle) epi mwen konprann Avi Pratik Konfidansyalite a epi mwen dakò ak tèm li yo. \_\_\_ Wi \_\_\_ Non

#### **Konsantman/Retrè (Opt-Out) Pou Echanj Enfòmasyon Sante (HIE)**

Peace River Center patisipe nan yon Echanj Enfòmasyon Sante (HIE), ki pèmèt enfòmasyon medikal pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen disponib epi yo ka wè li elektwonikman pa lòt founisè swen sante ekstèn. HIE fèt pou bay aksè rapid ak dosye medikal yo pou tretman pi efikas ak efikasite. Nenpòt founisè swen sante ki otorize ak ekip

medikal li yo ki aksepte patisipe nan HIE a ka gen aksè elektwonikman ak itilize enfòmasyon sante pwoteje pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen, si sa nesèsè, pou bay tretman.

Patisipasyon nan HIE a se volontè. Pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen ap enskri otomatikman sòf si mwen chwazi retire li (opt-out). Mwen ka chwazi retire li (opt-out) nenpòt ki lè. Yon desizyon pou pa patisipe pa pral gen okenn efè sou nenpòt benefis pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen ka gen dwa resevwa; sepandan, li pa pral kapab patisipe nan HIE..

Mwen bay konsantman pou pitit mwen ki sou responsablite mwen patisipe nan sistèm echanj enfòmasyon sante. Mwen konprann ke mwen dwe bay yon otorizasyon ekri pou Peace River Center ka mande epi jwenn aksè ak enfòmasyon sante pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen atravè HIE. \_\_\_ Wi \_\_\_ Non

#### Deklarasyon Retrè (Opt-Out Statement)

Mwen te reflechi sou si mwen ta dwe pèmèt enfòmasyon sante pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen pou yo ka wè li nan sistèm echanj enfòmasyon sante kote Peace River Center patisipe epi mwen deside OPT-OUT, sa vle di MWEN PA PÈMÈT enfòmasyon yo ka wè. Lè m chwazi pou m pa patisipe nan HIE, mwen rekonèt epi mwen dakò ak sa ki annapre yo:

- Retre sa a ap sèlman aplike pou pataj enfòmasyon sante atravè HIE. Founisè swen sante yo ka toujou gen aksè ak enfòmasyon sante pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen lè yo itilize lòt metòd tankou faks, telefòn oswa lapòs.
- Lè mwen deside pa patisipe nan HIE, founisè swen sante pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen ki deyò Peace River Center PA PRAL KAPAB chèche dosye medikal pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen ki nan Peace River Center atravè HIE pandan yo ap ba li tretman.
- Mwen konprann ke si nenpòt enfòmasyon te deja pataje atravè HIE anvan mwen soumèt fòm retire sa a (opt-out form), enfòmasyon sa a ap toujou rete ak founisè ki te gen aksè ak li anvan retrè sa a vin efektiv.

Desizyon pou mwen pa patisipe nan HIE a ap rete an plas jiskaske mwen notifiye Peace River Center epi ranpli yon konsantman pou patisipe nan HIE a, sa mwen kapab fè nenpòt ki lè.

#### Dwa ak Privilèj Pasyan

Kòm yon pasyan Peace River Center, pitit mwen ki sou responsablite mwen genyen dwa sa yo:

1. Dwa pou resevwa respè ak diyite tout tan.
2. Dwa pou resevwa yon tretman kalite.
3. Dwa pou gen aksè egal ak tretman, kèlkeswa ras, sèks, andikap, laj, oswa orijin etnik.
4. Dwa pou resevwa yon tretman endividalize nan anviwònman ki gen pi piti restriksyon. Tretman an ap gen ladan yon plan tretman pèsonalize ki pral revize omwen chak 6 mwa.
5. Dwa pou yo ba pitit mwen ki sou responsablite mwen pwofesyonèl ki kalifye, konpetan epi ki gen eksperyans pou aplike epi sipèvize plan tretman an.

6. Dwa pou depoze yon plent si mwen santi terapris pitit mwen ki sou responsablite mwen pa aji nan enterè li.
7. Dwa pou doktè oswa konseye pitit mwen ki sou responsablite mwen enfòm m sou nenpòt pwosedi kote yo ka kenbe li kont volonte li.
8. Dwa pou gen aksè ak dosye medikal pitit mwen ki sou responsablite mwen.
9. Dwa pou li pwoteje kont neglijan, eksplwatasyon, abi vèbal, mantal, fizik oswa seksyèl pandan lap resevwa swen, tretman oswa sèvis.
10. Dwa pou enfòmasyon li rete konfidansyèl, eksepte nan sitiyasyon sa yo:
  - a. Lè gen yon menas pou fè mal yon lòt moun oswa tèt yo.
  - b. Lè gen sispisyon oswa enfòmasyon sou abi (timoun, granmoun aje, moun ki andikape, elatriye)
  - c. Lè gen yon òdonans tribinal ki mande enfòmasyon an
  - d. Lè gen yon ijans medikal.

\*Mwen konprann ke eksepsyon sa yo obligatwa dapre lalwa.

\*Mwen rekonèt ke mwen li epi konprann dwa ak privilèj pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen kòm paran/oswa gadyen legal yon pasyan Peace River Center.

\*Mwen konprann ke mwen gen dwa pou m rapòte nenpòt vyolasyon dwa pasyan pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen nan nimewo rejis abi gratis sa a: **Rejis Abi: 1-800-96-ABUSE**

Mwen konprann dwa ak privilèj pitit mwen ki sou responsablite mwen \_\_\_ Wi \_\_\_ Non

### Randevou Manke

Tout randevou dwe anile omwen 24 èdtan anvan dat ak lè randevou a. Si ou pa anile randevou a alavans, pitit ou/pitit ou ki sou responsablite ou ka vin yon pasyan ki sèlman ka resevwa swen sou baz "walk-in", sa vle di li pa ka pran randevou davans ankò.

### Sèvis Ki Faktirab

Tout sèvis yo faktirab. Anplwaye rejis la ka pa konnen tout sèvis ki fèt jou randevou pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen jiskaske klinisyen oswa doktè a fin ranpli fòm nesèsè yo epi faktire sèvis yo. Sèvis sa yo ap parèt sou relevé kont chak mwa pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen, epi yo dwe peye le w resevwa l.

### Akò Finansye

An konsiderasyon pou sèvis PRC pral bay pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen, mwen dakò pou m peye kont pasyan an dapre tarif ki nan lis pri Peace River Center (PRC), ke yo rele "Charge Master", ki an aplikasyon nan dat sèvis la te bay. Pri sa yo enkli kòm pati esansyèl nan akò sa a. Si gen atik espesyal ki pa gen pri espesifye sou "Charge Master" la oswa ki endike ak zewo (0), yo ka mete pri pou yo separeman. Si mwen mande li, yo kapab ban m yon estimasyon sou pri sèvis yo anvan yo bay tretman an. Sepandan, estimasyon sa yo ka varye anpil ak chaj final yo an fonksyon de plizyè faktè, tankou men pa limite a kou tretman an, entansite swen yo, pratik doktè a, ak nesèsite pou bay plis sèvis oswa materyèl medikal.

Si yo bay pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen materyèl medikal ak sèvis epi mwen gen kouvèti nan yon pwogram gouvènmantal oswa nan sèten plan asirans prive, PRC ka aksepte yon peman rabè pou materyèl ak sèvis sa yo. Nan ka sa a, nenpòt peman mwen dwe fè ap detèmine dapre tèm pwogram gouvènmantal mwen oswa plan asirans prive mwen. Si pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen pa gen asirans epi li pa kouvri pa okenn pwogram

gouvènmantal, li ka kalifye pou rabè oswa egzansyon sou kont li selon politik koleksyon pwòp tèt ou-peye PRC ki anvigè nan moman tretman an. Mwen ka mande plis enfòmasyon sou politik sa a nan PRC.

Kòm yon koutwazi, PRC ka voye bòdwo a bay konpayi asirans mwen, men li pa gen okenn obligasyon pou li fè sa. Kèlkeswa sa, mwen dakò ke mwen se moun ki responsab finansyèman pou tout sèvis yo, eksepte si lalwa di otreman. Mwen dakò pou m peye nenpòt sèvis ki pa kouvri pa asirans mwen an, sa ki enkli men pa limite a Koresponsabilite asirans (coinsurance), franchiz (deductibles), benefis ki pa kouvri akòz limit politik la epitou, nenpòt echèk mwen fè pou m suiv kondisyon plan asirans mwen an. Mwen dakò tou ke si PRC dwe inisyativ koleksyon pou rekipere montan mwen dwe yo, alòske anplis montan ki fèt pou sèvis yo, mwen pral peye tou: (a) Tout depans PRC fè pou koleksyon an, ki gen ladan frè avoka ak (b) Tout frè tribinal oswa lòt frè litij, jan règleman oswa lwa aplikab yo pèmèt PRC rekipere yo. Mwen otorize PRC pou jwenn rapò konsomatè sou mwen nan youn oswa plizyè ajans rapò sou konsomatè. Mwen konprann ke PRC ka jwenn rapò konsomatè sou mwen san konsantman ekri mwen nan sèten sikonstans, jan lalwa pèmèt li.

### **Asiyasyon Benefis**

Lè mwen siyen dokiman sa a pou transfè benefis yo, mwen ap bay asirans sante oswa nenpòt lòt plan benefis sante ki kouvri pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen (ki ka enkli, men ki pa limite a, nenpòt plan ofri oswa sipòte pa yon anplwayè, gwoup anplwayè oswa fon konfyans) lòd pou li peye PRC dirèkteman pou sèvis PRC bay pasyan an pandan admisyon sa a. An echanj pou sèvis PRC deja bay epi pral kontinye bay, mwen, pa desizyon final, asiyen epi transfere bay PRC tout dwa, tit ak enterè mwen genyen sou tout benefis ki ka peye pou swen sante ki bay la, jan li endike nan tout kontra asirans sante ak plan benefis sante kote pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen gen dwa resevwa sèvis oswa reklame ranbousman. Mwen konprann ke nenpòt peman ki resevwa atravè kontra asirans ak/oswa plan sa yo pral aplike sou montan mwen te dakò peye pou sèvis ki te bay pandan admisyon sa a, jan li plis eksplike nan seksyon Akò Finansye a. Siyen benefis sa a pèmèt PRC genyen yon dwa endepandan pou pouswiv reklamasyon kont konpayi asirans lan oswa plan benefis sante a, men li pa oblije PRC pouswiv okenn reklamasyon. PRC pap retni okenn benefis ki depase kantite lajan mwen dwe PRC pou swen ak tretman ki te bay pandan admisyon an. Si yon twazyèm pati (tankou yon konpayi asirans, gwoup anplwayè, oswa plan fon konfyans) gen obligasyon pou peye yon pati oswa tout chaj sa yo, mwen dakò pou mwen pran tout aksyon ki nesèsè pou ede PRC kolekte peman nan men nenpòt twazyèm pati sa yo. Mwen siyen PRC kòm reprezantan otorize mwen pou pouswiv, si li vle, tout remèd administratif, reklamasyon, ak/oswa pwochè sou non mwen, epi si PRC deside, li ka fè pwochè kont nenpòt twazyèm pati ki responsab, konpayi asirans medikal, oswa plan benefis sante sipòte pa anplwayè, pou kolekte tout benefis PRC ki dwe mwen pou peman chaj yo jan yo mansyone nan seksyon Akò Finansye a. Si PRC deside pouswiv yon reklamasyon oswa yon pwochè kont yon twazyèm pati kòm reprezantan otorize mwen, mwen dakò pou mwen siyen yon pouvw espesyal otorite si PRC mande l, ki otorize PRC pran tout aksyon ki nesèsè oswa apwopriye pou pouswiv reklamasyon oswa pwochè sa a, tankou pèmèt PRC depoze pwochè kont twazyèm pati a sou non mwen. Mwen dakò pou mwen remèt PRC tout lajan ki rekipere nan nenpòt reklamasyon oswa pwochè PRC mennen sou non mwen (jiska kantite PRC chaje yo, plis depans ak frè avoka yo), san reta.

Mwen li dokiman sa a epi mwen te gen opòtinite pou mwen poze kesyon sou asiyen benefis yo.  Wi  Non

**Èske kliyan an ap patisipe nan Pwogram Sibvansyon ki finanse pa SAMHSA?**  Wi  Non  
*Si repons lan se "Non", tanpri pa ranpli seksyon sa a.*

Lè mwen siyen Konsantman pou Tretman sa a, mwen dakò pou pitit mwen/pitit mwen ki sou responsablite mwen patisipe nan entèkansyon sèvis ki finanse pa SAMHSA pou ede nou angaje nou epi kenbe nou nan sèvis tretman sante mantal yo. Pwogram sa a finanse pa yon sibvansyon ki soti nan Administrasyon Sèvis Abi Sibstans ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration - SAMHSA). Konsa, yo pral kolekte done kòm yon pati nan pwogram lan. Mwen bay konsantman mwen pou koleksyon done sa yo ak pou founi enfòmasyon done sa yo bay Administrasyon Sèvis Abi Sibstans ak Sante Mantal la, pou bi pou swiv sibvansyon an ak kolekte rezilta san idantifikasyon.

Mwen siyen dokiman sa a ak pwòp volonte mwen san okenn fòs kote, eksepte pou sèvis PRC yo.

\_\_\_ Wi \_\_\_ Non

\_\_\_\_\_  
Non Pasyan

\_\_\_\_\_  
Dat Nesans

\_\_\_\_\_  
Nimewo Sekirite Sosyal

\_\_\_\_\_  
Siyati Pasyan oubyen Gadyen

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati Temwen

\_\_\_\_\_  
Dat